

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa salah sahiji unsur budaya nu miboga fungsi salaku alat komunikasi. Ieu hal dirojong ku Suwandi (2013, kc. 19) nu nyebutkeun yén maksud tina fungsi basa salaku alat komunikasi téh nyaéta basa salaku média pikeun méré amanat ti karuhun ka generasi saterusna nepi ka generasi ayeuna, boh basa nu dina wangun lisan atawa dina wangun tulisan. Tanpa basa moal aya kahirupan di alam dunya.

Basa téh réa pisan wangunna salah sahijina pakeman basa Sunda. Nurutkeun Sudaryat (2016, kc. 13) pakeman basa kagolong kana wangunan atawa rakitan basa anu rélatip matok, anu susunan kecapna geus puguh, sarta ngandung harti anu has tur mandiri. Nu kaasup kana pakeman basa dina basa Sunda nyaéta babasan jeung paribasa. Babasan jeung paribasa mangrupa kaarifan lokal nu kudu dipiara ku urang Sunda, sabab dina babasan jeung paribasa ngandung ma'na, maksud, jeung ajén-inajén budaya nu perelu dipikanyaho ku generasi ngora.

Babasan jeung paribasa gelarna tina kajadian/fénoména alam nu perelu disurahan ku masarakat, sangkan masarakat apal ma'na jeung maksud tina éta babasan jeung paribasa. Ieu hal dirojong ku Salmun (1958, kc. 85) nu nyebutkeun yén gelarna paribasa téh méh tadina aya kajadianana. Kajadian nu karandapan ku urang Sunda dina lingkungan hirup kumbuhna, nepi ka ahirna jadi paribasa. Loba ma'na jeung ajén-inajén budaya nu kudu diulik dina babasan jeung paribasa Sunda. Ku kituna, panulis miboga maksud pikeun ngulik babasan jeung paribasa Sunda ku ulikan semantik jeung étnologi pikeun maluruh ma'na, maksud anu teu langsung/malibir, jeung ajén-inajén budaya nu aya dina éta babasan jeung paribasa sangkan ajén positifna bisa dijadikeun conto jeung ajén négatifna bisa dijadikeun eunteung dina sagala aktivitas kahirupan manusa utamana perelu dipikawanoh tur dipikanyaho ku generasi ngora.

Semantik jeung étnologi mangrupa ulikan nu luyu pikeun ngulik babasan jeung paribasa Sunda, sabab dina babasan jeung paribasa Sunda miboga unsur budaya nu ngawangun *local genius* (kaarifan lokal). Babasan jeung paribasa Sunda nu ditalungtik nyaéta buku *Saratus Paribasa jeung Babasan* karangan Mas Ai Jamilah, 2019

Natawisastra nu dipedalkeun dina taun 1979 jeung kumpulan *Babasan jeung Paribasa* karangan Ajip Rosidi taun 2010 nu dipedalkeun ku Kiblat Buku Utama salaku tambahan tina buku kumpulan paribasa saméméhna. Buku *Saratus Paribasa jeung Babasan* karangan Mas Natawisastra jeung kumpulan *Babasan jeung Paribasa* karangan Ajip Rosidi mangrupa buku kumpulan babasan jeung paribasa anu leubeut pisan ajén-inajénna boh tina jihat basa, sosial, agama, budaya, étika atawa moralna. Salian ti miboga kualitas éta, dina segi kuantitas ieu dua buku kumpulan babasan jeung paribasa ogé loba jumlahna pikeun ngawakilan buku kumpulan babasan jeung paribasa séjénna. Ku diulikna dua objék panalungtikan ieu, dipiharep babasan jeung paribasa Sunda bisa dilarapkeun dina komunikasi sapopoé atawa dilarapkeun ku generasi ngora dina kagiatan-kagiatan nu tangtu saperti dina pasanggiri-pasanggiri atawa dina kagiatan pangajaran sapopoé.

Ku ngagunakeun ulikan semantik jeung étnologi, ajén-inajén budaya anu nyampak dina babasan jeung paribasa bisa dipikanyaho ku masarakat Sunda hususna generasi ngora. Anapon ajén-inajén budaya anu diulik dina ieu babasan jeung paribasa nyoko kana lima masalah dasar dina hirup nurutkeun Kluckhohn nu ngawengku hakékat hirup manusa (MH), hakékat karya manusa (MK), sawangan manusa ngeunaan waktu (MW), sawangan manusa ka alam (MA), jeung hakékat antara hubungan manusa jeung sasama (MM). Sangkan ajén-inajén budaya éta nepi tur dipikawanoh ku generasi ngora perelu ieu panalungtikan dipatalikeun jeung pangajaran. Ieu hal dirojong ku ayana matéri pakeman basa di SMP kelas IX kalayan Kompetensi Inti 3 jeung Kompetensi Inti 4 di handap.

Memahami dan menerapkan pengetahuan (factual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata. Mengolah, menyaji, dan menalar dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna nu sarupa ngeunaan ulikan semantik jeung étnologi boh dina wangun skripsi atawa tésis di antarana:

Ai Jamilah, 2019

AJEN-INAJEN BUDAYA DINA BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN PAKEMAN BASA DI SMP (Ulikan Semantik jeung Etnologi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Novi Nurul Khotimah. 2016. “*Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Semantik)*”;
- 2) Nurul Siti Rachmah. 2016. “*Babasan jeung Paribasa Sunda “Misato” jeung Tutuwuhan” pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMA (Tilikan Semantik)*.”;
- 3) Haris Santosa. 2013. “*Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantik jeung Psikolinguistik)*”, jeung
- 4) Umi Kulsum. 2015. “*Babandingan Paribasa Sunda jeung Indonesia (Ulikan Semantik Formal jeung Étnopedagogik)*”.

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nyaéta tina ulikan étnologi jeung ayana tindak lanjut tina hasil nu ditalungtikna, di dieu panalungtik matalikeun hasil analisis yakni ajén-inajén budaya nu nyampak dina babasan jeung paribasa pikeun bahan pangajaran pakeman basa di SMP kelas IX, ogé ayana pedaran nu leuwih jero ti panalungtik ngeunaan hubungan antara kualitas jeung kuantitas data nu ngandung ajén budaya. Anapon lebah nganalisis ulikan semantikna mah sarua ngagambarkeun ma’na jeung maksud tina éta babasan jeung paribasa. Lantaran can aya panalungtikan nu nalungtik “Ajén-inajén Budaya dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMP (Ulikan Semantik jeung Étnologi)”, ku kituna ieu panalungtikan perelu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang masalah nu diébréhkeun di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta babasan jeung paribasa ngandung ma’na jeung maksud nu teu langsung/malibir nu perelu disurahan deui ku masarakat ogé nyampak rupa-rupa ajén-inajén budaya anu perelu dipikawanoh ku masarakat umum hususna generasi ngora. Éta ajén-inajén budaya dilulik dumasar ulikan semantik jeung étnologi. Ajén-inajén budaya anu perelu diulik dina babasan jeung paribasa nyaéta nu patali jeung lima dasar dina hirup nu ngawengku hakékat hirup manusa (MH), hakékat karya manusa (MK), sawangan manusa ngeunaan waktu

(MW), sawangan manusa ka alam (MA), jeung hakékat antara hubungan manusa jeung sasama (MM).

Sangkan ajén-inajén budaya éta dipikawanoh tur dipikanyaho ku generasi ngora, perelu ieu panalungtikan dipatalikeun kana pangajaran. Hal ieu dirojong ku ayana Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar dina kurikulum 2013 ngeunaan pangajaran pakeman basa di tingkat SMP kelas IX.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun kana sababaraha patalékan, nyaéta ieu di handap.

- 1) Babasan jeung paribasa naon waé nu ngandung ajén-inajén budaya?
- 2) Kumaha ma'na jeung maksud babasan jeung paribasa Sunda nu ditalungtik?
- 3) Kumaha ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda, anu ngawengku hakékat hirup manusa (MH), hakékat karya manusa (MK), sawangan manusa ngeunaan waktu (MW), sawangan manusa ka alam (MA), jeung hakékat antara hubungan manusa jeung sasama (MM)?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda dijadikeun bahan pangajaran pakeman basa di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan di handap.

1.3.1 Tujuan Umum Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda sangkan ajén positifna bisa dijadikeun conto ogé ajén négatifna bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan masarakat hususna generasi ngora.

1.3.2 Tujuan Husus Panalungtikan

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) Babasan jeung paribasa nu ngandung ajén-inajén budaya.
- 2) Ma'na jeung maksud babasan jeung paribasa nu ditalungtik.

- 3) Ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda, anu ngawengku hakékat hirup manusa (MH), hakékat karya manusa (MK), sawangan manusa ngeunaan waktu (MW), sawangan manusa ka alam (MA), jeung hakékat antara hubungan manusa jeung sasama (MM).
- 4) Larapna hasil panalungtikan ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda dijadikeun bahan pangajaran pakeman basa di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan pangaweruh jeung pamahaman dina ngajén babasan jeung paribasa Sunda dumasar ulikan semantik jeung étnologi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat Praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran pakeman basa di SMP kelas IX.
- 2) Pikeun siswa, bisa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina maham babasan jeung paribasa Sunda hususna ajén-inajén budaya nu aya dina paribasa Sunda.
- 3) Pikeun masarakat, bisa mikanyaho gambaran umum ajén-inajén budaya nu aya dina paribasa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika nyusun tésis dina ieu panalungtikan dibagi jadi lima bab nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Tatapakan teori, raraga mikir jeung panalungtikan saméméhna. Tatapakan teori ngawengku babasan jeung paribasa, semantik, étnologi, ajén-inajén budaya, jeung bahan ajar.

Bab III Méthode panalungtikan anu eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data, ngumpulkeun data, instrument pangumpul data, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung pedaran anu eusina ngawengku ma'na jeung maksud dina babasan jeung paribasa Sunda Mas Natawisastra jeung Ajip Rosidi, ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda Mas Natawisastra jeung Ajip Rosidi, jeung larapna ajén-inajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda kana bahan pangajaran pakeman basa di SMP.

Bab V Kacindekan jeung saran nu eusina mangrupa ringkesan tina hasil panalungtikan, ogé saran ti panalungtik pikeun panalungtikan satuluyna.